# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 23-февральдағы “Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын шөлкемлестириў ҳаққында”ғы 43-санлы буйрығы ҳаққында**

Мәмлекетимизде қәбилетли жасларды қоллап-қуўатлаў, олардың интеллектуал салоҳиятини көрсете алыў, халықаралық майданда мәмлекетимиздиң абыройын және де асырыў ҳәм халықаралық пән олимпиадаларына пухта таярлықлар көриў, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 3-майдағы «Қәбилетли жасларды анықлаў ҳәм жоқары жетик кадрлар таярлаўдың үзликсиз системасын шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4306-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 23-февральдағы “Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын шөлкемлестириў ҳаққында”ғы 43-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.** Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадасының I басқышын 2021-жылдың 28-февраль күни Нөкис қаласы Халық билимлендириў бөлимине қараслы 17-санлы улыўма орта билим бериў мектеб базасында өткерилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**3.** Төмендегилер:

усы жылдың 28-февраль күни математика, физика, химия, биология ҳәм де информатика ҳәм хабар технологиялары пәнлеринен Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадалары өткерилетуғынлығы;

халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадалары 2021-жылдың январь айында болып өткен Республика тийкарғы пән олимпиадаларының III (Қарақалпақстан Республикасы, Ташкент қаласы ҳәм ўәлаятлар) басқышта усы пәнлерден 1-5-орынларды ийелеген, 9-, 10- ҳәм 11-класс оқыўшылары оқыўшылары арасында болып өтетуғынлығы;

халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы нызамы 1-қосымшаға муўапық;

пән олимпиадалары бойынша қәбилетли оқыўшылар менен ислесиў департаменти тәрепинен: халықаралық пән олимпиадалары талаплары ҳәм тәжирийбелери тийкарында жоқары тәжирийбели қәнигелерди қамтып алған ҳалда халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыўпроцесслери ушын қадағалаў материалларын ислеп шығыў ҳәм қупыялылығын тәмийинлеген ҳалда орынларға жеткерип бериў ўазыйпалары тапсырылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**4.** Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша министрликтиң шөлкемлестириў комитет қурамы 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**5.** Республикалық оқыў-методикалық орайы (Қ.Жубанов)на:

халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадалары болып өтетуғын орынларда барлық шарт-шараятларды жаратыў ҳәм де санитария-гигиена талапларына муўапық олимпиада қатнасыўшылардың қәўипсизлигин тәмийинлеў;

район (қала)лардан келип-кетиўши олимпиада қатнасыўшыларының қәўсипсизлигин жергиликли ҳәкимликлер ҳәм орынлардағы ишки ислер органлары менен биргеликте тийисли илажлар көриў;

төрешилер ағзалары тәрепинен нәтийжелер дағазаланғаннан кейин аппеляция процесслерин орнатылған тәртипте шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

**6**. Оқыўшылардың олимпиада өткерилетуғын орынға транспортларда келип-кетиўинде қәўипсизлик қәделериниң сақланыўына биринши басшының тиккелей жуўапкер екенлиги белгилеп қойылсын ҳәм олимпиада қатнасыўшыларына бөлим тәрепинен жуўапкер бир хызметкерди бекитиў ўазыйпасы тапсырылсын.

**7.** Министрликтиң мәлимлеме хызмет (Т.Даулетмуратов)не:

халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын олимпиадасының өткерилиў барысы кең түрде ғалаба хабар қураллары арқалы жәриялап барыў усыныс етилсин.

**8.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары А.Худайбергеновке жүкленсин.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,

2021-жыл 23 - Февраль

48 -санлы

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 23-Февраль 48-санлы буйрығына 1-қосымша

**Халықаралық пән олимпиадаларында қатнасыўшы сайланба командаға талабанларды таңлап алыў олимпиадаларының I басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша министрликтиң шөлкемлестириў комитет ҚУРАМЫ**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | А.Худайбергенов | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары, шөлкемлестириў комитети баслығы |
| 2 | Қ.Жубанов | Республикалық оқыў-методикалық орайы директоры, баслық орынбасары |
| 3 | З.Усенова | Республикалық оқыў-методикалық орайы методисти, хаткер |
| 4 | Ш.Таджимуратов | Министр орынбасары, ағза |
| 5 | М.Асеметдинов | Министрликтиң билимлендириў мәкемелери жумысларын шөлкемлестириў бөлими баслығы, ағза |
| 6 | Р.Худайбергенов | Министрликтиң ахборот-технологияларын раўажландырыў бөлим баслығы, ағза |
| 7 | А.Даулетбаев | Республикалық оқыў-методикалық орайы директоры орынбасары, ағза |